## ФУДМУГГАГ НÆ ФÆУУЙ, ФАЛ ФУДЛÆГТÆ БА – БЕРÆ!..



***Григорий СКОВОРОДА (1722-1794), украинаг философ: «Тæккæ вазуггиндæр наукити зонадæй хайгин уогæй, уотемæй ба хуæрззæрдæ ка нæй, уомæй знаггадæгæнæг дæр ма ци ес?! Æ еугур зонундзийнæдтæй е испайда кæндзæнæй хæрандзийнадæн...» Раст цума Украини нури разамунди туххæй æй аци загъд – сæ «фурзундгинæй» сæ адæм адзали туфули исмедæг кодтонцæ...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№7 (976) 2025 анзи 1 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## ПОЗДРАВЛЕНИЕ



## РАМАДАН – МЕСЯЦ БЛАГИХ ДЕЛ И ВРЕМЯ ОЧИЩЕНИЯ СЕРДЕЦ

*По милости Аллаха, мусульмане всего мира в эту субботу вступают в благословенный месяц Рамадан – месяц обязательного поста. В связи с этим, муфтий Северной Осетии* ***Хаджимурат-хаджи Гацалов*** *обратился ко всем жителям нашей республики с приветственным словом, в котором сказано:*

**«С именем Аллаха Милостивого, Милосердного!**

Уважаемые жители республики Северная Осетия – Алания! Братья и сестры! От имени Духовного управления мусульман РСО-Алания и от себя лично сердечно поздравляю Вас с наступлением благословенного месяца Рамадан. Прошу Аллаха дать всем нам терпения и сил. Молю Его о милости и прощении, ведь, поистине, Он Милостивый, Прощающий. И молю Его о благе и прямом пути для каждого из нас.

Воистину, месяц Рамадан – месяц благих дел и время очищения сердец, и я обращаюсь ко всем, независимо от вероисповедания и мировоззрения, с искренним призывом совершать больше хорошего и благочестивого, остерегаться дурного и порочного. Желаю, чтобы сердца наши преисполнились веры и покорности нашему Создателю! И надеюсь, что мы упрочим наше единство и научимся взаимопониманию и любви друг к другу.

Да хранит всех нас Всевышний Аллах! Да примет Всевышний Аллах наш пост, наши молитвы и милостыню и наградит высшими благами Рая. Аминь.

## АХСГИАГ ХЪÆППÆРЕС



## «ИРИСТОНИ ÆХСАРÆ»

Нæ республики бæлвурдæй æнхæстгонд цæудзæнæй, «Иристони æхсарæ» («Доблесть Осетии»), зæгъгæ, программæ. Арæзт æй сæрмагонд æфсæддон операций архайгути туххæй.

Цæгат Иристони разамунд куд лæдæрун кæнунцæ, уотемæй, Фидибæстæ гъæуай кæнуни ихæс æхемæ ка райста, уонæн фæззиндзæнæй фадуат сæхе сæ идарддæри сабур царди равдесунæн. Гъæуама сæхе иссеронцæ паддзахадон æма муниципалон служби, æхсæнадон организацитæ æма амалгъонади къабæзти.

Тугъди будури æхе бæгъатæрæй ка равдиста, кæцифæнди уæззау уавæрти дæр æ рæстмæ зундирахаст кæмæн нæ фейиивта, етæ кæддæриддæр уодзæнæнцæ нæ адæми, нæ бæсти фарс. Уæхæн адæм мах гъæунцæ, æууæндæн сæбæл кæцифæнди къабази дæр сæхе тæккæ аккагдæр хузи ке равдесдзæнæнцæ, уомæй.

Кандидаттæ æвзаргæй нимад цæудзæнæнцæ сæ уодиконди менеугутæ тугъдон цаути сæхе куд равдистонцæ, циуавæр хуæрзеугути хецæуттæ 'нцæ, уонæмæ каст цæудзæнæй. Се 'хсæнæй ке равзаронцæ, уонæн искæндзæнæнцæ тесттæ, Æхсæнадон палати иуонгти хæццæ сæ багъæудзæнæй дзубанди кæнун. Уой фæсте ахур кæнун райдайдзæнæнцæ. Æхсæнадон палати иуонгтæ куд лæдæрун кæнунцæ, уотемæй программи архайгутæн уодзæнæй æмхузон уавæртæ, алцидæр конд цæудзæнæй бæрæггонд фæткæмæ гæсгæ.

28 февралæй фæстæмæ анкетæ ниффинсæн ес сайти. Нуртæкæ сæрмагонд æфсæддон операций тæлми ка 'й, етæ фарста гъæуама бахузæнон кæнонцæ бæсти гъæуайкæнуйнади министради.

## ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ ÆНОВУДÆЙ АРХАЙÆГ ХЪÆЗАУАТОНТÆ

# СÆРУСТУР АН НЕ 'МЗÆНХОН БÆГЪАТÆРÆЙ



**Уæрæсей Президент Владимир Путин 23 феврали Фидибæстæ гъæуайгæнæги Бони фæдбæл Мæскуй Кремли Устур галауани Георгий номбæл зали исаразта цитгингæнæн мадзал. Æма се 'фсæддон ихæстæ æхсаргинæй æнхæст кæнгæй, алæмæти æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдистонцæ, уой туххæй Уæрæсей Федераций Бæгъатæри кадгин ном ци еуæндæс æфсæддонемæн аккаггонд æрцудæй, уонæн равардта сæ бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæ. Еци æхсаргин тугъдонтæй еу – не 'мзæнхон Тибилти Геуæргий фурт Марат, Национ гвардий майор.**


2


## НОМЕРÆН

# ХУÆРЗИМИСУЙНАГ НИН ÆНЦÆ...



ГУРЖИБЕГТИ Геуæрги



МАЛИТИ Хасан

Нæ Иристони сæрбæлтау хъиамæттæй ка фескъуæлхтæй, уони рохс нæмттæ æма арфиаг гъуддæгутæ гъæуама фæлтæрæй-фæлтæрмæ цитгингонд цæуонцæ. Уонæй адтæнцæ нæ национ аййевади зундгонд архайæг **Гуржибегти Николайи фурт Геуæрги** æма игъустгонд журналист, финсæг **Малити Геуæргий фурт Хасан** дæр. Æма сæ æримисунæн дæр ес бæлвурд равгитæ.

Гуржибегти Геуæргий райгурдбæл 2 мартъий æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1967).

Дæс анзей размæ январи æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй Малити Хасан (1953-2015). Æма сæ æримисуни туххæй абони хецæн æрмæгутæ мухур кæнæн 5-аг æма 6-7-аг фæрстæбæл.


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн æма сæ бийнонтæн агъазгонд цæуй аллихузон бæлвурд æма ахедгæ гъуддæгутæй. Æрæги ба региони Хецауади æмбурд каст æрцудæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, 2022 анзи 24 февралæй фæстæмæ ка фæммард æй, уони бийнонтæн еурæстæгон материалон агъаз бакæнуни фарстатæмæ.***



**Уæрæсей Федераций Национ гвардий сæйраг командæгæнæг, Уæрæсей Бæгъатæр, æфсади инæлар Виктор ЗОЛОТОВ фембалдæй Уæрæсей Бæгъатæртæ ТИБИЛТИ Марат æма Андрей ФИЛОНЕНКОЙ хæццæ.**

# СÆРУСТУР АН НЕ 'МЗÆНХОН БÆГЪАТÆРÆЙ!..

Бæгъатæртæн сæ хуæрзеугутæ исаккаг кæнуни мадзали рæстæг Владимир Путин æ радзубандий сæрустурæй загъта:

– Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æвдесунцæ æгæрон бæгъатæрдзийнадæ, се 'фсæддон ардбахуæрдбæл æновуддзийнадæ, нæ Фидибæсти раздæр рæстæгути бæгъатæрти фæлтæрти намусбæл еузæрдиуондзийнадæ. Мæнæн уæлдай æхцæуæн æй абони сумахæн Уæрæсей Бæгъатæри Сугъзæрийнæ Стъалутæ раттун. Сумахæй беретæ 'нцæ сæрмагонд æфсæддон операций фиццаг бонæй фæстæмæ уодуæлдайæй архайгутæ. Бæрнон ихæстæ уæбæл æвæрд ес, берæ фæлварæнти сæрти рахизтайтæ, æма алкæддæр фæууотæ бæрзонд профессионалон цæттæдзийнади, бæгъатæрдзийнадæ æма патриотизми ирд цæветтонтæ. Арфæ уин кæнун, Фидибæсти сæрбæлтау карз тохи лæгигъæдгунæй ке балæудтайтæ, уой туххæй.

Ку зæгъæн Уæрæсей Бæгъатæри ном аккаггонд кæмæн æрцудæй, уонæй еу æй не 'мзæнхон, Национ гвардий майор **Тибилти Геуæргий фурт Марат** дæр. Еци æхцæуæн хабарбæл хъæбæр зæрдиагæй бацийнæ кодтонцæ нæ дзиллæ. Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æ телеграм-канали цийнæгæнгæй фегъосун кодта: «Зæрдибунæй арфæ кæнун Маратæн, Иристон си сæрустур æй!..»

Уæ зæрдæбæл уин æрлæуун кæндзинан уой дæр, æма уой размæ ма не 'мзæнхонтæй Уæрæсей Бæгъатæри Сугъзæрийнæ Стъалуйæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ **Есенати Таймураз**, **Максим Стефанов**, **Абайти Юрий**, **Датити Алан**, **Аслан Гоов** æма **Александр Данилов**.

Не 'мзæнхон бæгъатæри æскъуæлхтдзийнади туххæй Уæрæсей гвардий пресс-служби игъосункæнуйнаги уотæ загъд ес: «Майор Тибилти Марат сæрмагонд æфсæддон операций райдайæни æ тæккæ фиццаг бонтæй фæстæмæ тохгæнгæй раззаг рæнгъити, æнхæст кодта сæрмагонд ихæстæ. 2022 анзи ци бæгъатæрдзийнадæ равдиста тугъди будури, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Лæгдзийнади дууæ ордени».

Тибилти Марат æхуæдæг куд нимайуй, уотемæй еци хуæрзеуæг æй, Уæрæсей гвардий сæрмагонд нисанеуæги дæлхайади ци къуари медæгæ тох кæнуй, уони еумæйаг æнтæстдзийнадæ. Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ дзубанди кæнгæй, Марат куд зæгъуй, уомæ гæсгæ сæрмагонд нисанеуæг кæмæн ес, еци къуари иуонгтæ куд раздæр, уотæ нур дæр разæнгардæй æнхæст кæнунцæ сæ размæ æвæрд ихæстæ. Æ дзубандимæ гæсгæ 1 январи æ къуари хæццæ Суджани райони нихкъуæрд равардта украинаг гæрзефтонг тухтæ уой размæ нæ нихмæ ци фондз æрбампурсти исаразтонцæ, уонæн.

– Сæйрагдæр тугъдтитæ райдæдтонцæ 5 январи. Уой агъоммæ дæр ма архайдтан знаги бунæттæ исбæлвурд æма сæ искунæг кæнуни тугъдон мадзæлтти, сæ тохгæнгутæ æма син се 'фсæддон техникæ искунæг кæнунбæл тугъдтити. Фал сæйраг архæйдтитæ ба æрцудæнцæ 5-8 январи. Знæгтæ лæгарстонцæ æма лæгарстонцæ, гъавтонцæ Суджани райони гъæутæ Бердино, Розгребли, Новосотницкое байсунмæ. Мах сæрмагонд къуар «Ахмат»-и хæццæ сæ нихмæ гъæддухæй фæллæудтан æма сæ фæндитæй неци рауадæй...

Æ дзубандимæ гæсгæ, е 'мтохгæнгутæ разиндтæнцæ æцæг бæгъатæртæ. Сæ федар нихмæлæуди фæрци знагæн нæбал бантæстæй Курски облæсти иннæ районтæмæ балæгæрдун.

– Нæ нихмæлæугутæ уорæд æрцудæнцæ, идарддæр рацæуни фадуат син нæбал равардтан, имисуй Марат. – Нæ дæлкъабазæ исрæмугъта знаги цуппар техникон еуæги, 60-70 тугъдони ба си кунæггонд æрцудæнцæ...

Курски облæсти губернатори ихæстæ æнхæстгæнæг **Александр Хинштейн** æ телеграм-канали куд игъосун кæнуй, уотемæй **Тибилти Марат** æма иннæ гвардион **Андрей Филоненко** уæлдай лæгæхсаргиндæрæй равдистонцæ сæхе. Андрейæн дæр лæвæрд æрцудæй Уæрæсей Федераций Бæгъатæри ном.

– Уæлдай æхцæуæн дæр ба мин е æй, æма аци дууæ бæгъатæри уæхæн агъазиау лæгдзийнадæ Курски зæнхæбæл ке равдистонцæ, – баханхæ кодта А. Хинштейн. – Се 'скъуæлхтдзийнæдтæй еу – украинаг гæрзефтонг тухти æрбампурст бауорамуни гъуддаги уоййасæбæл уодуæлдайæй ке байархайдтонцæ.

Регионы губернатори ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæги дзубандими гæсгæ, Уæрæсей гвардий æфсæддонтæн бантæстæй тугъдон архæйдтити рæстæг 5 январи знаги фиццаг раззаг танк фехалун, æма уой фæрци бантæстæй уавæр бустæги фендæрхузон кæнун, знаги æмпурсæг хæйттæ ниддæрæн кæнун: «Аци дууæ бæгъатæрей, «Талиб» æма «Артист»-и (Тибилти Марат æма Андрей Филоненкой фæсномугтæ) тугъдон хъазауат, е дæр айдагъ курскаг зæнхæбæл нæ, æй агъазиау æфсæддон арæхстдзийнади, ихæсбæл æновуддзийнади, Райгурæн бæстæбæл еузæрдиуон уни дæнцæ, ирд æвдесæнæй æвдесуй, уой сæрбæлтау сæ цард раттунмæ цæттæдзийнадæй æнхæст ке 'нцæ, национ гвардий æфсæдтæ цæмæйдæриддæр намусгин æнцæ, еци еугур менеугутæй дæр».

Плити Исси номбæл Полкки телеграм-канали ба мæнæ куд финсунцæ: «Тибилти Марат æфсæддон ихæстæ æнхæст кодта Запорожьей, Донецки, Лугански æма Курски облæстити. Æ къуари хæццæ 'й тох кæнун багъæуй, сæ равгитæ æма гæнæнтæ хъæбæр кадавар кæми разиннунцæ, сæхе цардæн хъæбæр тæссаг кæми фæууй, уæхæн рауæнтæ æма уавæрти дæр, æма си алкæддæр уæлахезæй рацæуунцæ. Æй рæстзæрдæ, фал домагæ командир. Æ дæлбарæ æфсæддонтæбæл ауодуй, куд фæззæгъунцæ, æ реугудурæй сæ гъæуай кæнуй тугъдон уавæрти. Æ цъухæй ахид фегъосун æнгъезуй уæхæн зæгъдтитæ: «Мæн хуæрзеугутæ нæ гъæуй, фæттæ мин раттетæ...»

Кæддæр дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти фæрститæн дзуапп дæтгæй, Марат уотæ радзурдтæ:

– Мæ мади 'рдигæй ме 'ртæ бабай дæр тугъдонтæ адтæнцæ. Дууемæй нæбал исæздахтæнцæ тугъди будуртæй, сæ тугъдон ихæстæ рæстуодæй æнхæст кæнуни сæрбæлтау иснивонд кодтонцæ сæ цард. Сæ астæуккаг æнсувæр ба 1954 анзи Львови зæнхæбæл фæммард æй украинаг бандитти кунæг кæнуни тохи. Уой сæрмагондæй уомæ гæсгæ баханхæ кодтон, æма, кæсайтæ, истори бабæй нæуæгæй куд фæлхатгонд цæуй – абони ба мах багъудæй, еци бандитти байзайæггæгтæй сæ фидтæлти æверхъаудзийнæдтæ иснæуæг кæнунмæ ка багъавта, уони нихмæ тох кæнун. Мæ фиди фидæ дæр Устур Фидибæстон тугъди архайæг адтæй, цуппар хатти фæцæй уæззау цæфтæ. Рæстдзæвийнæ 'хсæг уогæй, æ еу цæстæ исхаудтæй. Мæ хуæрз æрвадтæлтæй дууæ æнсувæри дæр нур æфсæддонтæ 'нцæ, етæ дæр æма мæхе æнсувæртæ дæр æнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ...

Тибили-фурт райгурдæй æма гъомбæл кодта Чермени гъæуи. Уой фæсте бийнонтæ сæ цæрæнбунат райййивтонцæ Дзæуæгигъæумæ. Каст фæцæй ами 46-аг астæуккаг скъола. Тибилти бийнонтæ нимайун æнгъезуй бæгъатæрти бийнонтæбæл. Сæрмагонд æфсæддон операци ку райдæдта, уæд си сæ хуæрз æнсувæртæй æма се 'рвадтæлтæй æхсæземæй тохунмæ рандæ 'нцæ. Етæ кæрæдзебæл æхцул æнцæ, кæрæдземæй сæрустур æнцæ.

– Марат æхсаргин гъуддæгутæй ке фескъуæлхдзæнæй, е ми алкæддæр æруагæс кодта, – зæгъуй е 'рвадтæлти лæхъуæн, бархеуон **Тибилти Энвер**. – Æхе еске фæсте римæхсун ахур некæд адтæй, алкæддæр реуигонæй цудæй размæ. Хъæбæр æхцæуæн нин æй, Райгурæн бæстæ ин æ лæгдзийнадæн уæхæн устур кадæ ке искодта...

Нæ дзубандий кæронбæттæни не 'хсаргин æмзæнхон Тибилти Маратæн зæрдиагæй арфæ кæнæн æ бæрзонд хуæрзеуæги туххæй, æма не 'Сфæлдесæгæй корæн уой, цæмæй Марати æма æ тугъдон æмбæлтти дæр гъæуай кæна, цæмæй тугъд тагъд рæстæги фæууа æма еугурæй дæр сæ рæгасæй сæ фидиуæзæгтæбæл исæмбæлонцæ...

***Æрмæг бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ***

## СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




**Цæгат АССР-и Министрти Совети унаффæй 1950 анзи 5 мартъий Дзæуæгигъæуи С.Кирови гъæунги (нури Хуæнхон паддзахадон агроуниверситети рази) æвæрд æрцудæй Советон Цæдеси дууæ хатти бæгъатæр, инæлар-болкъон Плити Иссæн (бюст исаразта Тауасити Сослæнбег).**



# АФГАЙНАГ БОНУГ

БОРУХЪУТИ Елæмурзæ

***Зундгонд дохтир Борухъути Елæмурзæ, афгайнаг тугъди архайгæй ци бонуг фæффинста, уомæй хецæн хæйттæ ниммухур кодтан нæ газети айразмæ дууæ номереми (16 æма 22 феврали). Абони ба си мухур кæнæн еума хай.***

**18 июнь.** Æзинæ Сабурмæ душмантæ фондземæй бацудæнцæ, æндæмæ ’й сайдтонцæ æма син нæ бакумдта. Æ уоси хæццæ æхсæвæ гæрзефтонгæй кезугай гъæуай кодтонцæ кæрæдзей.

Хуссæгæй ма бафсæдæ, – зæгъуй Сабур.

**20 июнь.** Сабур æ царди уавæрти фæдбæл адтæй министрмæ. Барæ ин раварттонцæ, цæмæй æ биййонти къуари хæццæ цæрунмæ баледза дууæуæлалдзугон хæдзарæмæ. Ами цæрун райдæдта Хади Карим дæр. Хæдзарæ æй, фæсарæнмæ ка фæллигъдæй, уæхæн гъæздуг лæги.

**30 июнь.** Цалдæр боней размæ Кариммæ æстæги саст ивазæн 50 тели равардтон, цæмæй сæ операцигæнæнмæ фæххæсса æма сæ медицинон хуæрæмæ ратта.

– Уотемæй сæ исгъæздуг кæндзæнæ: еу тел дæр лæвар нæ ратдзæнæнцæ сæйгæн.

Уой фæдбæл син се ’мбес æхемæ ниууагъта, иннети равардта, æз хестæр хуæрæн зæрдæ байвардтон, уомæ гæсгæ. Нур мин Карим фегъосун кодта: æхемæ ци 25 тели ниуагъта, уони еу медицинон хуæри скъаппи рæстæгмæ бафснайдта æма ин сæ уордигæй радавтонцæ.

**5 июль.** Дууæ-æртæ боней размæ аэропорт ци хæстæг гъæути разæй æхстонцæ, уордигæй нæмæ æрбаластонцæ æхсæз æма инсæй цæфи (18-30 анздзуд биццеутæ). Планерки куд бадтан, уотемæй нæмæ фельдшер фæффæдеси æй. Еуæй-еуетæ фæттагъд кодтонцæ цæфтæн агъазмæ. Иннетæ – Латиф, Сароби, Рахмат – цæфтæмæ кæсгæ дæр нæ бакодтонцæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй цæфтæ адтæнцæ адæмон дружинитæй, æхсæвæ душманти хæццæ тох кæнгæй, фæцæф æнцæ. Беретæ си фæммард æнцæ.

Цæфтæн агъазгæнгæй, бафеппайдтонцæ берæ гъæнтæ æма сахъатдзийнæдтæ. Уони райеуварс кæнуни тухха бæргæ дзурдтон (тæлмацгæнæг Хади Карим), фал син си неци рауадæй. Президент Бори æгæр-мæгур 100 грамми дæр не ’самал кодта тог. Е уомæн, æма цæфтæ адæмон дружинитæй æнцæ.

Профессор Латиф нæ бафæразта æ цæстингас барихæсун æма загъта:

– Ци агурдтонцæ, уой иссирдтонцæ!

Уæлдай уæззаудæр цуппар цæфемæн нæмгутæ сæ хурфидзаумæутти бахизтæнцæ. Сæ фæййервæзун кæнуни туххæй гъудæй æвæстеуат хиругон агъаз, фал син агъазгæнæг нæ фæцæй æма рамардæнцæ.

Хади Карим исмæстгун æй:

– Нæуæг цардаразгутæ тугъдæй цæфтæй райервазтæнцæ æма син агъази бæсти ами адзал иссерун кодтонцæ. Еуцалдæремæн ба сæ къабæзтæ ралух кодтонцæ, кæд син исдзæбæхгæнæн адтæй, уæддæр.

**28 август.** Хади Карим æма Сабур Гардези мæстгунæй æрбацудæнцæ кустмæ. Æзинæ сæмæ госпитæли президент фæдздзурдта министри фæдзæхстмæ гæсгæ æма син балæдæрун кодта, цæмæй æндæрæн исуæгъдæ кæнонцæ, ци бунæтти цæрунцæ, уони.

Сæ катай еуæрдигæй æй, кумæ рандæуонцæ, уобæл, иннердигæй ба мæстгун кæнунцæ – цæмæн?

Революций размæ Кабули цардæй 530 мин адæймаги, нур ба 2 миллиони æма 300 мини. Фатер еуемæй зин иссерæн æй, иннемæй ба æ байхуæрсун хъазар – 2000 афгани (дохтири мæйи мизд).

– Æз некумæ цæуйнаг дæн, рагæлдзæнтæ мин мæ дзаумæуттæ, уæдта бæрæг уодзæнæй, – æртхъерæн кæнуй Хади.

Уæхæн зундбæл лæуд æй Сабур дæр:

– Уой бæсти мæ куст ниуадздзæнæн æма еу минкъий тукан байгон кæндзæнæн.

**29 август.** Ахури анз кæд райдæдта, уæддæр студенттæ нур æртиккаг бон нæма фæззиндтæнцæ. Мæ десгæнгæ фарстайæн дзуапп адтæй:

Уæдта нæма ’рбацæуодзæнæнцæ еуцалдæр бони, уотæ кæнунцæ студенттæ семестри райдайæни.

Латиф мæмæ фæдздзурдта палатæмæ æма мæмæ равдиста топпæй цæф сæйгити. Æ къах уæрагæй дæлæмæ сау. Сæйги æзинæ æ кезу хæссуни рæстæг исæвардта Хади Карим. Къах адтæй бинтæй баст, сæумæмæ ниссау æй.

Профессор Латиф мин бауайдзæф кодта, Хади Карими кустæй арази ке нæй, уой. Гъома, е ба дин махмæ ахургонд дохтир. Уотемæй ба фуддæр, æдзæллаг хабæрттæ æнæуинæг искæнуй æхе алли хатт.

**31 август.** Нæ госпитæлмæ ’рбахаудтæй æвддæс-æстдæсанздзуд кизгæ. Æ къахи дууæ стæги уæрагæй дæлæмæ саст. Куд рабæрæг æй, уотемæй æй е ’нсувæр биццеуи хæццæ лæугæ ке фæуууидта, уой тухха æй хъæбæр фæннадта æма ма ин æ къах дæр расаста.

**3 сентябрь.** Абони студенттæ кæдæй-уæдæй фæззиндтæнцæ.

**4 сентябрь.** Æхсæвæ карз тугъд цудæй аэропорти ’рдигæй, хуæнхти фæсте.

**25 сентябрь.** Хади Карими фидæ Меккæ-Мæдинæй æрбаздахтæй. Æ балцийæй арази нæй. Хаджимæ балций адæм нур уæлдай фулдæр цудæй. Е ба уомæн, æма аци анз дини бæрæгбон райдæдта майрæнбони æма уæлдай кадгиндæр æй пусулмон æгъдаумæ гæсгæ. Адæм æгæр берæ ке адтæй, сæ фулдæр сæ кари адæм æма сæйгитæ, бунат ба унгæг, уæдта дессаги тæвдæ, уомæ гæсгæ зæрæндтæ къæхти буни мардæнцæ.

**6 октябрь.** Абони хунди адтæн, нæ дохтиртæй цуппаремæй тагъд агъази госпитæлмæ косунмæ ке цæунцæ, уой фæдбæл. Хунд исаразтонцæ президенти косæн уати. Афгантæй игъаугидæр ма си адтæнцæ Гольден æ биййойнаги хæццæ, австрийаг нæуæг хирург æ биййойнаги хæццæ (ами æй фиццаг хатт фæуууидтон), венгр Мортон. Афгайнаг хиругтæ си адтæнцæ æвзурстæй (сæрæндæртæ).

**10 октябрь.** Сабур дзоруй:

– Мах адæм Хуцаубæл хъæбæр æууæндунцæ. Фал æз Бабрак æма ревсовети иуонгтæбæл куд æууæндун, уотæ некæбæл бауæндддзæнæн. Айдагъдæр дæлдæрлæуууæг æхсæнадон хецауадæй беретæ нæ нихмæ косунцæ.

Еу æригон нæлгоймаг сæйгæ хуссуй тургъи (палатити ахид бунат нæ фæууй) æма мæмæ фæдздзурдта. Балæдæрун мин кодта, бæсти цæгати фæскомцæдеси къуари хецауæй куста æма ибæл минæ багæлстонцæ, зæгъæ. Æ галеу къах ин ратудта, æ рахес ба уæззау цæфтæ ’й. Гъаст кæнуй, æртиккаг бон, дан, мæмæ хæстæг неке цæуй, судзинттæ ин нæ кæнунцæ, уæдта ин æ цæфтæ нæ бæттунцæ.

Мæ дзубандий фæсте сæйгæн алцидæр араæзт æрцудæй.

**5 ноябрь.** Фæстаг бæнтти нæмæ рохс ахид нæ фæууй: душмантæ хонхи ихалунцæ электрон тухæдæттæн цæгиндзитæ.

**9 ноябрь.** Хади Карими гъæуæй еу лæг æрбацудæй æма ин фегъосун кодта, æ фидæ уæззау уавæри ке бахаудтæй, уой. Меккæ-Мæдинæй æрбаздахуни фæсте е ’мбали хæццæ Кабулæй сæ облæсти центри уæнгæ бахъæрттæнцæ хуæдтæхæгæй. Уордигæй сæ сæхемæ цæун гъудæй хуæдтолги. Фал хуæнхбæсти нæдтæ фудмиутæ аразгутæ фехалдтонцæ. Карими фиди е ’мбали хæццæ цæун багъудæй фестæгæй. Еу рауæн сæбæл абæргутæ фембалдæнцæ æма сæмæ цидæриддæр иссирдтонцæ, уони байстонцæ.

Цалдæр боней фæсте сæ гъæуи ’рцардæнцæ душмантæ æртæсæдæ адæймагемæй. Кæми æрæнцайунцæ, уоми фæуунцæ хæдзæрттæбæл иурст (8-10 лæги алли хæдзарæ дæр). Æма сæ ци фæндуй, уой кæнунцæ. Дуккаг бон Хади Карими фидæмæ æма е ’мбалмæ фæдздзурдтонцæ «Ислами революцион комитетмæ» (уотæ хонунцæ сæхе душмантæ).

Душманти къуари хецауæн æ секретарь кæсуй журналмæ æма игъосун кæнуй, биййонтæй ка ци косæг æй æма кæми æй, уой. Алцидæр син зундгонд æй. Сæрмагондæй фиди фарстонцæ Хади Карим æма æ иннæ биццеуæй – Мæскуй ин ка ахур кæнуй, уой тухха.

Секретарь фидæмæ æ цæстæ фæнникъулдта, уотемæй хецауæй баримахста, æ биццеу Мæскумæ ахур кæнунмæ революций фæсте ке рандæй, уой. Дзуапп ин равардта, революций размæ рандæй, зæгъгæ.

Уой фæсте хецау рахаста тæрхон – фидæ бони æмгъудмæ душмантæн 62 мин афгани куд бафеда, уотæ. Фал фиди курдиадæмæ гæсгæ æмгъуд къуæрей уæнгæ раргъавта.

Уæдмæ душманти хæццæ исхуæстæй, æртæсæдæ фудгæнæгемæй фулдæр кæми адтæй, æндæр уæхæн душманти къуар æма фиццæгти гъæуæй фæссурдта. Фал уæддæр тæрхонæн æнæ æнхæстгæнæн нæййес. Секретарь ма æ хецауи сосæггæй Хади Карими фидæй 500 афгани байагурдта, æ фурти æцæг хæбар ин ке баримахста, уой тухха.

***Редакцийæй:*** *Уоййадæбæл бал фæцан Борухъуати Елæмурзи «Афгайнаг бонугъ»-æй хецæн хæйттæ мухургонд. Ка ’й зонуй, фæстæдæр ма нин фууодзæнæй равгæ кæцидæр хæйттæ ма си рамухур кæнунæн.*

**Номдзуд адыгейаг финсæг æма журналист, Устур Фидибæстон тугъди архайæг Хусен Андрухаеви райгурдбæл 2 мартъий æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1920-1941). Советон финсгутæй фиццагидæр уомæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном (æ фæсмæрдæ).**

***Синоптикти игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, Цæгат Иристони карз уазалтæ ма рахæсдзæнæнцæ, æвæдзи, 2 мартъий уæнгæ. Еуæй-еу рауæнти уазали бæрцæ æхсæвæ хъæртдзæнæй 20 градусей уæнгæ, хуæнхбæсти ба уодзæнæй никки уазалдæр, хъæртдзæнæй 25-30 градусей уæнгæ.***

# ХУАРЗ АФОЙНАДÆБÆЛ АРАЗУНÆЙ ХУАРЗ ÆЙ!..



## УÆРÆСЕ ÆМА БЕЛОРУССИЙ ÆМАРХАЙД ЕУМÆЙАГ ÆДАСДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛТАУ

Уæрæсей Федераций Совети иуонгтæ æмгъæлæсæй исфедар кодтонцæ «Цæдесон паддзахади еумæйаг æдасдзийнади бундорти тухха́й Уæрæсе æма Белоруссий 'хсæн бадзурди ратификаций фæдбæл» федералон закъон.

Нур нæуæг закъони уагæвæрдмæ гæсгæ, аллихузон тасдзийнæдтæ æма æндæр æнæнгъæлæги цаутæ исæвзургæй, Уæрæсей ядерон тухтæ гъæуай кæндзæнæнцæ Белоруссий æдасдзийнадæ дæр. Уой фæдбæл сæрмагонд бадзурд дууæ бæстей президенттæ **Владимир Путин** æма **Александр Лукашенко** бафинстонцæ 2024 анзи декабри.

Еци æууæлтæмæ сенаторти æргом раздахта Федераций Совети иуонг Цæгат Иристонæй, гъæуайкæнуйнадæ æма æдасдзийнади Комитети иуонг **Мамсурати Таймураз**, закъони проектбæл дзоргæй. Сенатори загъдмæ гæсгæ, амунд бадзурдæн ес айдагъдæр гъæуайкæнуйнадон нисанеуæг, æндæр бæститæ æма еугæндти бартæ æгириддæр нецæ хузи …

Мамсури-фурт æ радзубандий куд баханхæ кодта, утемæй бадзурди бæлвурд федаргонд æрцудæнцæ Уæрæсе æма Белоруссий Цæдесон паддзахади еумæйаг æдасдзийнадæ æма гъæуайкæнуйнадон политики бундортæ. Уой фæдбæл æ загъд адтæй:

– Нæ бæсти разамунд еу æма дууæ хатти нæ бахатуй нигулæйнаг паддзахæдтæ æма НАТО-й разамундмæ, цæмæй еумæйаг хъæуритæй байархайæн Европи æдасдзийнади фарстатæ тæккæ гъæугæдæр æма еугуремæн дæр пайдахæссæг хузи райаразунбæл. Еци хъæппæресæн дзуапп раттуни бæсти нигулæйнаг бæститæ Уæрæсей арæнтæмæ хæстæг бунæтти фæккарздæр кодтонцæ сæ тъæсхæгæнæн æма æфсæддон архайд. Финлянди æма Швеци дæр цубур рæстæгмæ иссæнцæ НАТО-й иуонгтæ.

Еци æма иннæ æууæлтæ Уæрæсе æма æ хæстæгдæр цæдесон – Белоруссий размæ исæвардтонцæ фарста еумæйаг æдасдзийнадæн уæлæнхасæн ахедгæ мадзæлттæ исаразуни туххæй. Гъе утемæй фæззиндтæй амунд бадзурд.

Бадзурди æмгъуд æй дæс анзи, æ тухи бацæуудзæнæй, дууæ бæстей парламентти дæр ратификаций фæдбæл гæгъæдитæ ку исфедар кæнонцæ, уæд.

* * *

## ÆНÆРГЪУДИ НÆ УОДЗÆНÆНЦÆ БАРÆВДАУЙНАГ СЕДЗÆР КÆСТÆРТÆ

Нæ республики хецауадæ куд фæндæ кæнуй, утемæй аци анз дууинсæй фатерей бæрцæ радех кæндзæнæнцæ седзæр сувæллæнттæн.

Аци анз нæ зæрди ес æхсæз æма инсæй цæрæн хæдзари балхæнун седзæр сувæллæнттæн, уой уæлæнхасæн ба ма радех кæндзинан цуппæрдæс сертификати уæхæн хæдзæрттæ фæммадзал кæнунæн, – зæгъуй фæллойнадæ æма социалон райрæзти министр **Мамати Анжелæ**.

– Нуртæккæ нæ республики цæрæнуат райсунмæ ка 'нгъæлмæ кæсуй, уæхæн седзæрти нимæдзæ хъæртуй 1,158 адæймагей уæнгæ.

Евгъуд анзи дæр цæрæнуæттæ равардтонцæ дууæ æма инсæй седзæремæн, финддæсемæн ба сертификаттæ – 2,5 миллион сомей аргъ.

Нуртæккæ паддзахади харзæй гъомбæлгонд ка цæуй нæ дæлбарæ цуппар уагæдонеми, етæ 'нцæ 77 седзæри. Седзæрти хæдзæртти ка ирæзуй, еци сабийти нимæдзæ Цæгат Иристони фæмминкъийдæр æй 29 процентей уæнгæ.

* * *

## АХУРДЗАУТÆН СИ УОДЗÆНÆЙ ХУАРЗ РАВГИТÆ

Цæмæй бундоронæй цалцæггонд æрцæуонцæ æхсæз профессионалон-ахурадон уагæдони æма æмдзæрæни, уой туххæй нæ республикæн федералон бюджетæй дехгонд æрцудæудзæнæй 730 миллион сомий. Еци агъази фæрци уоми ахурдзаутæн фадуат фæууодзæнæй, сæ ахуради цуд никки хуæздæр æма нуриккондæр уавæрти цæмæй цæуа, уомæн.

Ами ма бафтаун гъæуй уой дæр, æма куститæ æнхæстгонд ке цæуудзæнæнцæ программæ «Профессионалитет» æма национ проект «Фæсевæд æма сувæллæнттæ»-мæ гæсгæ.

* * *

## ГЪÆУУОН ЦАРД ФÆУУИНÆН ÆМА БАВЗАРУНÆН ФАДУÆТТÆ

Программæ «Агротуризм»-и æнхæст кæнуни нисанеуæгæй нæ республикæн 140 миллион соми дехгонд æрцæудзæнæй.

Грант ка райста, уони 'хсæн æнцæ агроэкотуристон парк «Иристони зæнхæ», кæцими кæронмæ æнхæстгонд æрцудæнцæ инсæй гектарей фæзуати зæнхæ ислигъз кæнуни куститæ, арæзт си æрцудæй базарадон павильон æма ахурадон зал, уæдта ма фæлладуадзæн бунæттæ.

Агъаз райста проект «Цæгат Иристон-Аланий сæнæуадзуни куст» дæр. Нерæнгæ бал 300 гектареми сагъд æрцудæй сæнæфсери 525 мин талай. Специалисттæ архайунцæ уоми донхуаруггæнæн системæ исаразунбæл æма æнæмæнгæ гъæугæ ефтонггæрзтæ æрæвæрунбæл.

Æдеугурæй агъаз райсдзæнæнцæ цуппæрдæс проекти. Уони хæццæ æнцæ кæсалгæ, мудибиндзити, гагарæзæ ирæзун кæнуни куститæ æма сæнæ арæзуни къабæзтæ. Туристти бон уодзæнæй тиллæг æмбургæнæн кустити архайун æма фонсмæ зелун.

* * *

## ЦÆРÆН РАУÆНТÆ НИККИ ФЕДАУЦÆДÆР УОДЗÆНÆНЦÆ

Федералон бюджетæй фарæ нæ республикæ райста дууæ миллиард сомемæй фулдæр Уæрæсей арæзтади Министради программæмæ гæсгæ.

Еци фæрæзнитæ харзгонд цудæнцæ, социалон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн азгъунстити арæзтадæмæ. Зæгъæн, сахар Беслæни кæронмæ æнхæстгонд æрцудæнцæ коммуналон арæзтадтæ, 157 километрей дæргъæн хизæгтæ æркустонцæ æма цæргутæ донгъæуагæ нæбал æййафунцæ – нуртæккæ кæдзос æма хуæрзгъæдæ донæй пайда кæнуй 36 мин цæрæги.

Аци анз Цæгат Иристони айеевгонд æрцæуудзæнæй дуинсæй æхсæнадон фæзуати. Алагир, Беслæн æма Мæздæги арæзт æрцæуудзæнæнцæ нæуæг фæлладуадзæн бунæттæ. Етæ къохи бафтуйдзæнæнцæ, нæ республики Еугуруæрæсейаг конкурси «Минкъий сахартæ æма историон цæрæнтæ»-йи ке архайæн, уой фæрци.

Уой уæлæнхасæн ма ниуазуни дони хæтæлтæ æййивд æрцæудзæнæнцæ Ирæфи районы æма Алагири дæр.

* * *

## КУЛЬТУРОН АРТДЗÆСТИТÆ ЦÆМÆЙ МАЦИ ГЪÆУАГÆ УОНЦÆ

Аци анз авд миллион соми дехгонд æрцæудзæнæй Туйгъанти Махарбеги номбæл æма театралон музейтæн нæуæг ефтонггæрзтæ исмадзал кæнунæн. Паддзахадон агъаз райсуни равгæ, националон проект «Бийнонтæ»-йи ке архайуй, уой фæрци нæуæг ефтонггæрзтæ устур агъаз фæууодзæнæнцæ музейти аллихузон равдиститæ æма мадзæлттæ аразунæн.

Дууæ культурон уагæдони дæр хъæбæр гъæуцæ куд нæхе республики цæргути, утæ нæ иуазгути зæрдитæмæ. Уомæ гæсгæ еугур гæнæнтæй дæр архайд цæудзæнæй, цæмæй сæ куст никкидæр æнхæстдæр кæна, уобæл.

Туйгъани-фурти номбæл айевадон музей нæуæгæй байгон æй, 2019 анзи си цалцæггæнæн куститæ исаразуни фæсте.

* * *

## БЕРÆСУВÆЛЛОНГИН БИЙНОНТÆН АГЪАЗ КÆНУНИ МАДЗÆЛТТÆ

Нæ республики фæллойнæ æма социалон райрæзти Министрадæ куд игъосун кæнуй, уомæ гæсгæ берæсувæллонгин бийнонтæн фадуат уодзæнæй æхсæнадон транспорти лæвар цæунæн сентябрæй-майи мæйи кæронмæ.

Уой уæлæнхасæн ма уæхæн бийнонти цæуæттæн дехгонд цæудзæнæй æхцай фæрæзнитæ, сæхецæн уæледарæс балхæнунæн скъоламæ цæунмæ, уæдта спортивон формæ. Сувæллæнтти рæвдауæнтæнттæмæ дæр ист цæудзæнæнцæ.

Социалон агъаз ма нисангонд цæудзæнæй, æртæ сувæллони æма фулдæр кæмæн исæнтæса, кенæ уойбæрцæ сабийтæ гъомбæл кæнунмæ ка райса, еци бийнонтæн, цæмæй син равгæ уа цæрæнуат исмадзал кæнун, уæдта ма син æхгæд цæуудзæнæй сæ цæрæнуæтти æма коммуналон феддонтæ 30% бæрцæй.

* * *

## ÆРИГÆНТТÆ ÆНОВУДÆЙ АГЪАЗ КÆНУНЦÆ НÆ ТУГЪДОНТÆН

Сæрмагонд æфсæддон операцийæн республикæ берæвæрсуг агъаз æрветуй аллибон дæр. Нæ тугъдонтæн 1000 мудадзин цирагъемæй фулдæр исцæттæ кодтонцæ æма рарвистонцæ «Сабийдоги надамонгутæ» («Навигаторы детства»). Уой туххæй фегъосун кодта регионы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. «Хуарз гъуддæгутæн кæрон нæйййес, æма минкъий агъаз дæр багъæуаги сахатти исахедуй нæ тугъдонти архайдбæл уæззау уавæрти», – уæхæн зундбæл хуæст æнцæ национ проект «Фæсевæд æма сувæллæнттæ»-мæ гæсгæ гъомбæладон æма патриотон куст ка кæнуй, еци «Сабийдоги надамонгутæ»-йи скъолати директорти унаффæгæнгутæ. Етæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн фæййагъаз кæнуни туххæй Цæгат Иристони еугур районти дæр рацудæнцæ акъоппи цирæгътæ аразуни мастерклассиæ. Скъолати, колледжти ахурдзаутæ сæ нийййергути хæццæ æрæмбурд кодтонцæ минæй фулдæр зестин къоппитæ, балхæдтонцæ парафин æма сæхе къохтæй исаразтонцæ мудадзин цирæгътæ. Сæрмагонд æфсæддон операций уавæрти цийфæнди минкъий гъуддаг дæр ахсгиаг æй. Еци цирæгътæ хъæбæр агъаз уодзæнæнцæ нæ тугъдонтæн», – баханхæ кодта республики Сæргълæууæг.

Цæттæ акъоппин цирæгътæ лæвард æрцæудзæнæнцæ #МЫВМЕСТЕ-йи регионалон штабмæ æма сæ хæстæгдæр рæстæги исæмбæлун кæндзæнæнцæ фронтбæл.

*Æрмæгутæ бацæттæ кодтонцæ*
*Фаризæ ХАДАШЕВА æма ХЕКЪИЛАТИ Маринæ*



МАЛИТИ Хасан

# НИВÆ ДÆ КУ УА...



## КЕ ТÆРЕГЪÆД?

Далисæн зайгæ-зайун æ уæрикæ ниммардæй, æхуæдæг дæр хуæздæр уавæри нæ адтæй. Фиййау Дзамболат имæ æхе æргубур кодта, тухуолæфтгæнгæ далиси сæрбæл æ дирзæг армæ æруагъта æма сабур гъæлæсиуагæй загъта:

– Адæймаг ма, гъа, цийфæнди фæууæд, фал ду ба ке тæрегъæдтæ федис, ду?

## ФÆДЗÆХСТ

«Ма уадзæ дæ хæдзарæмæ аци лæги», – уотæ балæдæрдтæн мæ куййи гъуди, еу хатт нæмæ Бесæгъур цидæр корæг ку 'рбацудæй, уæд.

## ЗÆРДИ БÆРКАД

Темурци кувд искодта, æнæгъæнæ дзиллæ имæ æрхудта, берæ бæркад фингитæбæл æрæвардта. Адæм хæлæф кодтонцæ фæрзеубæл. Уæд зундæй мæгургомау Бапъина æ рони кæрдзин æма фиди хæйттæ нитътъунста, уотемæй хъурхъургæнгæ сæхемæ нарæг гъæунги ранæхстæр æй.

– Æ фингитæбæл бæркад берæ ес Темурцийæн, фал æ зæрди ба бæркад нæййес.

Бапъина уомæй ци зæгъунмæ гъавта, уой æз дæр нæ балæдæртæн. Хуарз лæгбæл нимад æй комбæсти Темурци.

## КОВУЙНÆГТÆ

Додæбей игуæрдæн деденгутæй аци анз уæлдай рæсугъддæр адтæй. Мудибиндзæ æрбатахтæй, радув-дув кодта, раст цума, кæдзосдæр рауæнæй дон исесунмæ гъавта, уой хузæн, уæдта æ фий морахуз деденæги рацавта æма еу усмæ фæссабур æй, цума кедæр хæццæ сосæггай дзурдта, уой хузæн. Еци усми æй рауидта Бетъири фурт æма 'й ниффæртт ласта – мудибиндзæ кæрдæгмæ æрхаудтæй, æ къæхтæ сæрмæ ци бор къерегæндтæ адтæй, етæ дæр ин, мæгур, еци цæфæй æрæгъзалдæнцæ.

– Цæмæн æй ниццавтай? – бафарстон Бетъири фурти.

– Æвæдзи, еци биндзæ æ хæдзарæмæ ковуйнагæн æртæ къерей хаста!..

## МУДИБИНДЗÆ

Игуæрдæни мудибиндзити бадæнмæ бавналунмæ куд гъавтон, муд си исесон рахуæрунмæ, зæгъгæ, уотæ си мудибиндзитæн сæ лæгдæр рагæпп кодта фæдеси æма мин мæ къох ниццавта:

– Амæйфæстæмæ 'й зондзæнæ, лæги фурт, адгин хуæруйнаг æнæ мастæй иссерæн ке нæййес, уой.

## УАРДЗÆНÆЙ

Дадо рацудæй æма, хор зæнхæмæ куд æдзинæг кастæй, уомæ гæсгæ загъта?

– Уардзæнæй.

– Цæмæй æй базудтай, Дадо, хор ку кæсуй – бафарстон æй æз.

– Бонæн æ цæстихаутæ хулуй æнцæ.

## ФАРСТА

Хори тунæ еу бон мæ усхъæбæл бандзæвтæй æма мæ уотæ фæрсуй:

– Ами ма дæ?

## НÆУÆГ

Габеджанати Нæуæг æ лæхъуæни кари еу кизги уарзта, Фурдæ, зæгъгæ, æ ном. Кизгæ дæр ин «нæ» нæ загътайдæ, фал хеуæнтти нæ бафæндадтæй аци гъуддаг. Кизги хестæрти зæрдæмæ ирæд нæ цудæй, Нæуæги нийййергутæ ба кизги бийнонтæбæл не 'нвæрстæнцæ, етæ сау муггагæй æнцæ, зæгъгæ. Дзубанди идæрдтæбæл цæуй, фал гъуддагæй неци рауадæй, æма Нæуæг æнæ усæй байзадæй. Æ цардбæл æ къох ракъуæрдта æма Хæресмæ цæрæнбонти гъонгæсæй косунмæ рандæй. Сæрдæй-зумæгæй уордигæй гъæумæ нæбал æздахтæй, Фурдæ ма имæ кæд берæ рæстæг æнгъæлмæ фæккастæй, уæддæр. Уæд кизгæ æнæнгъæлти цидæр æнахур незæй æрбасæйгæ 'й, æма ма дууæ мæйи рауодхар кодта, уæдта рамардæй. Адæм æй банигæдтонцæ, фал еци зини бони дæр зиани уæлгъос Нæуæги неке фæуууидта. Хæреси дæргъвæтийнæ кълдумтæ æма адæгти 'хсæн еци рæстæг игъустæй Нæуæги гъæрæлгъист:

Уауу, рохс дуйне, кæд дин ци кодтон?

Мæ еунæг хор мин цæмæ нигæнис?

Цард цæрунæн æй, уæд ци 'рцудæй? Рæстæг ба алли нез дзæбæх кæнунмæ дæр дæсни æй.

Нæуæг Байрадийи уæлбилæ скъæтти колхози фонсмæ зилдæй æма уони бæркадæй цардæй: «Нæуæг, гъæйдæ куд дæ?», зæгъгæ, уордæмæ исæфтуйæг гъæуккæгти фарстайæн æ дзуапп кæддæрииддæр еу адтæй:

– Дзæбæх. Уæхуæдтæ куд айтæ?

– Неци нин æй, Нæуæг!

– Дзæбæх ан, Нæуæг!

– Хуцауи фæрци, Нæуæг!

Етæ адтæнцæ адæми дзуæппитæ. Æцæг Нæуæг Фурди туххæй некæд неке бафарста, кæци уæлмæрдти нигæд æй, уой дæр нæ зудта. Хъæбæр зæрдæ дори хузæн ниффедар æй, фал берæ æнзти фæсте дæр Габеджанати зæронд Нæуæги сосæг зари кæддæриддæр адтæй е 'нæсон уарзони кой:

Фур дæ æви цæу дæ?

Мæрдтæмæ дæмæ а лæхъуæн цæудзæнæй.

## ЕУНÆГ?

Хадзибатæр райгурдæй, æ фидæ тугъдмæ ку рандæй, уомæй къуæре фæстæдæр. Фидæ фесавдæй, æхсæз анзей фæсте ба рамардæй æ мадæ дæр, æма бицщеу байзадæй бустæги еунæгæй. Адæми фæрци ислæг æй, мадта куд адтайдæ, æ хабæрттæ кодта, фал æхе еунæг некæд худта. Еу хатт мин загъта:

– Нæ тугури нур дæр ма тæхгæмистæ цæруй, уой хæццæ исгъомбæл дæн, уой хæццæ цæрун æма, æвæдзи, мæлгæ дæр уой хæццæ ракæндзæнæн...

– Бийнонти гъуддаг бакæнæ, мæ хор.

– Зæрди гъар еци цæрæгойæй зонун, адæймаг ба мин æй ку фенадæ кæна.

Æз нæ зудтон, Хадзибатæрæн идарддæр ци зæгъон, уой.

## БÆХИ ДЗУБАНДИ

Бетъа бæхбæл сахсæн бакодта, æма 'й уотемæй хезунмæ рауагъта.

Бæх цопп-цопгæнгæ Æрхи къардеуи билæмæ бафтудæй, æ къæх æй фæссайдта, æма къардеуæй рахаудтæй. Ку мардæй, уæд æз æ рази фæдтæн, æма мин æ уодесгæй хайуан уотæ зæгъуй:

– Ехх, аци хъадама мæбæл ку нæ адтайдæ, уæд æй фæууидтайсæ, æз еци къардеуæн æ сæрти маргъи хузæн бæргæ рахтахтайнæ.

Нур ба?..

## ÆГЪДАУ

– Аци бон хор раздæр ранигулдæй.

– Зумæгмæ цæуй гъуддаг.

– Ести æрæмбурд кодтайтæ?

– Хуцауи фæрци цидæртæ. Æстонг нæ уодзинан.

– Æстонг дессаг нæй, хуар æма донæй дæр фæццæрæн ес. Æгъдау раттуни фагæ дæр нæмæ куд уа...

– Æгъдау раттуни фагæ дæр нæмæ ес. Алци губуни харзæй баргæ нæй!

– Уæллæхи, раст зæгъис.

Уæхæн дзубанди байеудагъ æй хумæтæг куреси миститæн.

## ХУАСДЗАУ ÆВИ ТУГЪДОН?

Æригон бицщеуæй ПрИси еу хатт адтæн иуазæгуати мæ фиди æмбал Лаврентмæ. Хуасгæрдæн афони адтæй, æма мæ хæдзари хецау еубон игуæрдæнмæ æ хæццæ ракодта. Æз, хуæнхаг бицщеу, цæвæг рарæуигъдтитæ кодтон æма цалдæр уеси цурдцурдæй æрдавтон, уæдта еу усми æрæстæфтæн, Лаврент мæмæ куд æдзинæг кæсуй, уой. Цæвæг æ гъæдæбæл карсти кæрони æрсагътон æма Лавренти рази уомæл уесбæл мæхе æруагътон, мæ алливарс æрдзи рæсугъддзийнæдтæ зудæй нихъуæргæй. Лаврент мин мæ усхъæ бакъуæрдта, æз имæ ку фæззилдтæн, уæд мин мæ цæститæмæ лæмбунæг никкастæй, уæдта загъта:

– Зонис, ци, ме 'рдхуарди фурт? Цæвæгæй бæзгин кæрдæги еци рæуæгæй устур уес ку хастай, уæд мæмæ уотæ фæккастæй, цума нæ фидтæлтиккон тугъдон æ тæлтæг бæхбæл тæтæри æфсади 'хсæнти кардæлвæстæй æхецæн над игæрдгæй, цæргæси хузæн фæттæхуй.

## УРУЙ ГЪУДИ

Адæм сæ лæгъуздæрти гæлстонцæ куйгæлдзæн билæй. Аци хатт дæр лæгъузгæнæг æма адæми цардихалæг Кудзийæн уæхæн тæрхон рахастонцæ. Адæмæн нæ, фал ин е 'нсувæртæн бафæдзахстонцæ, цæмæй æй сæхуæдтæ исхæссонцæ куйгæлдзæн билæмæ æма 'й рагæлдзонцæ, тоггин син куд неке уа, уотæ. Бицщеутæ се 'нсувæри къæхтæ æма къохтæ бастæй низзуввутт кодтонцæ доргин коми бунмæ, раст цума æмбуд къæсса бугъти хæццæ гæлстонцæ, уой хузæн.

Кудзий тæхгæ-тæхун халони уаст никкодта æма æ тъæпп фæццудæй æносон къæйдортæбæл – адæм сæ уордигæй есгæ дæр нæ кодтонцæ нигæнунмæ – аллихузи сирдтæн æма хелгутæн адтæнцæ хуæруйнаг.

Дууæ нард уруй рацудæнцæ сæ цæрæн бунатæй, басмустонцæ Кудзийи мардмæ, уæдта сæ еу уотæ загъуй:

– Аци лæги ардæмæ ка гæлста, еци адæм кенæ фурæгъдаугин æнцæ, кенæ ба сæ сæри зунд фæццудæй.

– Мæнмæ игъосæ, мадта, – загъта хестæр уру, – аци лæги фид хуæрунмæ нæ бæззуй, уойбæрцæ маргæй нæ губунтæ фæрресдзæнæнцæ.

## КУЙЙИ МÆЛÆТ

Куй базæронд æй, æхе «дарунгъон» нæбал адтæй, æма æ хецау Бетъа еу бон дууæхсон рахаста арс марæн нæмугæй ефтигъдæй æма куййи фехста. Куй нигъгъæрзтæй.

Æ уодесгæй ма æ хецауи размæ æ фазæбæл бабурдæй, тоги лæсæн æ фæдбæл уадзгæй, æма ин æ дирзæг цулухъи гъос расдардта, тухххæйти æ цæстити уорситæ Бетъамæ исзелгæй. Еу минкъий рæстæги фæсте куйниссабур æй.

Еци нивæ фæууидтан Гамисси хæццæ, мæнæн мæ бон исдзорун неци бацæй, фал мин зæронд лæг асуст гъæлæсиуагæй уотæ загъта:

– Æгомуг фонс – куйтæ æма æндæртæ – ка 'й зонуй, æма мах нимайунцæ сæ хуцæуттæбæл, сæ еугур дæр æма сæ мард дæр махæй аразгæ 'й, зæгъгæ, фал æй нæ зонунцæ, сæ адæймаг хуцæуттæ куд лæгъуз æнцæ, уой.

Лæг нитту кодта, æ къох ракъуæрдта æма кумæдæр рараст æй.

***Редакцийæй.*** *Нæ зæрди ес нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми бæлвурддæр æрмæг ниммухур кæнун Малити Хасани цардæвæндаг æма æ исфæлдистади туххæй, уæдта æ уадзимистæй кæцидæрти.*

***Народной артистке РСФСР Альбине БАЕВОЙ (1941-1993) довелось работатиь с Г.Гуржибековым, когда он руководил ансамблем песни и танца Северной Осетии«Георгий Николаевич был редким руководителем. У нас царила по-настоящему творческая атмосфера... Он был предельно строг и требователен, но его требовательность никогда никого не ранила. С ним связаны мои самые счастливые воспоминания, тогда только начиналась моя жизнь в танце...»***



**Азербайджани консерваторий студентти къуар. 1937 анз. Астæуæй – Гуржибегти Геуæрги, æ фарсмæ галеуæрдигæй – В. И. Айвазов, е 50-аг æнзти адтæй Цæгат Иристони филармоний симфонион оркестри концертмейстер, нæ республики адæмон артист.**

# Æ ДЕССАГИ ЗАРТÆЙ ЦÆРУЙ ИРИСТОНИ ДЗИЛЛИ ЗÆРДИТИ

**«Иристони зин иссерæн æй Гуржибегти Геуæргий зарти хæццæ зонгæ ка нæй, уæхæн адæймаг, – финста æ уацтæй еуеми, зундгонд композитор æма музыканти берæкъабазгин исфæлдистадæ 'ртасгутæй еу Л. Левитская, – композитор æ уадзимисти низзардта Садони шахтертæбæл, коммунистти сæрустур зæрдæбæл, нæ уарзон сахарбæл. Ка нæ фегъуста композитори финст зартæ «Ирон вальс», «Мади зар» æма «Хуæнхти кизгæ». Цæйбæрцæ æма цæйбæрцæ æнкъарæнтæ æвдесунцæ æ иннæ лирикон зартæ «Мæ еунæг», «Терк», «Лирикон». Композитор цæбæлдæриддæр финста, – сæ еугур дæр æнгон баст адтæнцæ адæмон зари хуæздæр менеугути хæццæ».**



**ГУРЖИБЕГТИ Геуæрги, 1943 анз.**

Куд зонæн, уотемæй Гуржибегти Геуæргий исфæлдистадæ: æ ахедундзийнадæй рахизтæй Иристони арæнтæй дæр. Синхаг республикити, бæсти, облæсти æма крайти аййевадæуарзгутæ се 'рдзæфæй еу æма дууæ хатти нæ арфæ кодтонцæ композиторæн æ зæрдæмæгъаргæ финст зарти туххæй. Беретæ си уæд финст æрцудæнцæ грампластинкитæбæл. Адæм сæ æлхæдтонцæ устур æхцæуæнæй. Иристойнаг композитори уадзимис «Райгурæн бæсти зар» нимад æрцудæй Еугурцæдесон радиой арæзт конкурси хуæздæрбæл, æма 'й разардтонцæ мæскуйаг радиобакаст «Нæ уарзон зартæ», зæгъгæ, уоми. Геуæргий аци зар райгъустæй Иристони гъæути æма сахарти. Зардтонцæ 'й скъоладзаутæ, фæсевæд, хестæртæ. Адæймаги исфæлдистадæ дзиллитæ уотæ хъæбæр ку бауарзонцæ, уæд ма уомæй амондгундæр гъуддаг ци уа!

Гуржибегти Геуæрги финддæс анзи бакуста аййевадон разамонæгæй зундгонд исфæлдистадон коллектив, Цæгат Иристони зари æма кафти ансамбли. Аци коллективи райдæдтонцæ еу инней фæдбæл игурун композиторти зартæ. Еци æнзтæ Геуæргий царди ниууагътонцæ ирд фæд. Устур æма æнгон коллектив, æппæлæн дзурдтæбæл ахур ка нæма адтæй, е сувæллони хузæн цийнæ кодта æ алли æскъуæлхтдзийнадæбæл дæр. Ансамбли исфæлдистадон царди уæлдай амондгундæр адтæй 1957 анз. Е адтæй Еугуруæрæсеуон, уой фæсте ба фæсевæди æма студентти VI Еугурдуйнеуон Мæскуй фестивали лауреат æма райста дууæ æвзестæ майдани.

Еци анз ансамбль рараст æй фиццаг фæсарæйнаг балций – Германий Демократон Республикæмæ. Е устур кадгин æма бæрнон гъуддаг адтæй. Балц хъæбæр хуарз рауадæй. Мæйи дæргъи ансамбль республики инсæй сахареми равардта фондз æма инсæй концерти. Берæ концерттæ фæуууиуонцæ тухгин æрдзæфи хæццæ. Фусунти зæрдæмæ арф багъардта Кавкази аййевадæ. Уæлдай устурдæр арфитæ æрхаудтæй зундгонд кафгутæ Торчинти Бексолтан, Сопойти Батæрбег æма Къесати Маринæмæ.

Еци уæлахездзийнадæ сæр нæ разелун кодта. Аййевадон разамонгути исфæлдистадон фæлварæнтæ адтæнцæ æнæнцойнæ æма нифсгун, фæндæ сæ адтæй кафти медес фæййарфдæр кæнун, зæрдæбæл хъæбæрдæр ка лæууа, уæхæн сорæт си исаразун. Геуæрги кæфтитæн æхуæдæг финста сценаритæ æма музыкæ, адтæй син æвæрæг дæр. Абони дæр ма адæми зæрдæбæл хуарз лæууй æ финст сценари «Будурти паддзах». Уоми зарти æма кæфтити æвдист цудæй зæнхкосгути агъазиау устур фæллойнæ нартихуари гъæздуг тиллæг æрзайун кæнунбæл.

Гуржибегти Геуæрги адтæй хъæбæр арæхстгин разамонæг, – дзурдта дзенети бадуйнаг, Уæрæсей Федераций адæмон артисткæ, ансамбль «Алан»-и раздæри аййевадон разамонæг Байти Альбинæ. – Нæ коллективи хæлеу кодта исфæлдистадон цæхæр. Геуæрги махæн алкæддæр устур æхцæуæнæй æвдиста æ зартæ, фæндæ 'й адтæй нæ фæндæ базонун. Е адтæй цæстуарзон æма домагæ разамонæг.

Ансамбль æма æ разамонæг Гуржибегти Геуæргий цард кæрæдзебæл æнгон баст адтæнцæ. Геуæрги еци æнзти цардæй ансамбли хæццæ, ансамбль ба – уой искурдиадæ æма зунди хæццæ.

Нæ культури ирæзти устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдиста, уой туххæй Гуржибегти Геуæргийæн лæвæрд æрцудæй нæ республики аййевæдти æскъуæлхт архайæги æма Уæрæсей Федераций аййевæдти æскъуæлхт архайæги нæмттæ, хуарзæнхæгонд æрцудæй Фæллойни Сурх Турусай орденæй. Устур Фидибæстон тугъдæн æ райдайæнæй æ кæрони уæнгæ Геуæрги адтæй тохæг æфсади.

Гуржибегти Геуæрги не 'хсæн кæдæй нæбал æй, уæдæй рæстæг махæй кæнуй идардæйидарддæр. Фал æй абони дæр нæ иронх кæнунцæ, ка 'й зудта, еци адæм, ке хæццæ куста, еци артисттæ. Уони зæрдити е байзадæй куд искурдиадæгин музыкант, композитор æма арæхстгин аййевадон разамонæг, куд хæларзæрдæ адæймаг. Ка нæй зудта, уонæн ба цæргæй байзадæй æ зарти.

* * *

Гуржибегти Геуæргий исфæлдистадон над куд райдæдта, зæгъгæ, уæд æримисун гъæуй уой, æма музыкæ æ царди сæйраг гъуддагæн равзаргæй, æхсæрдæсанздзудæй (райгурдæй 1910 анзи 2 мартъий) исфæндæ кодта Бакуй музыкалон училищемæ ахур кæнунмæ бацæуун. Уоми фæлварæнти рæстæг ин æ арæхстдзийнадæбæл нæ бадес кодтонцæ, фал æй балæдæрдтæнцæ, ес имæ, ирдæй гъæуама ка раргом уа, уæхæн искурдиади игурæнтæ.

Уотæ æнæнгъæлти Геуæрги иссæй музыкалон училищей ахуркæнуйнаг. Фæстæдæр ба Бакуй консерваторий студент. Ескæд æхуæдæг зартæ финсдзæнæй, е æ гъудий дæр некæд адтæй. Консерватори каст ку фæцæй, уæд косун райдæдта Бакуй паддзахадон симфонион оркестри. Цагъта альтæбæл. Еци-еу рæстæги куста дирижерæй Æригонти театри. Æ репертуари адтæнцæ, сувæллонæй æ зæрдæмæ ке райста, еци уарзон композитортæ Чайковский, Сен-Санс æма иннети уадзимистæ.

Цалдæр анзей фæсте Геуæрги раздахтæй Цæгат Иристонмæ. Æ фæллойнадон киунуги фæззиндтæй нæуæг косæндонæ: Цæгат Иристони аййевæдти управлени.

Еу рæстæги нæ кæфтити æма заргути ансамбль цæбæлдæр батухстæй: гъудæй, къуар ке разардтайдæ, уæхæн музыкалон уадзимис. Нæ хуæнхти хузæн бæрзонд, нæ дæнтти хузæн азæлгæ, æнæхийнæ фæллойнæгæнгути сорæт ка æвдистайдæ, уæхæн зар.

Еци тухст багъардта Геуæргий зæрдæмæ дæр. Уотæ имæ кастæй, цума зартæ фагæ ке нæййес, уоми фудгин æй. Сагъæсти бахаудтæй. Фæскуст бабæй æрбадтæй рояли уæлгъос. Æнахур мелоди игурдæй зæлгай, уомæй зар рауайдзæнæй, уобæл æ зæрдæ дæр нæ дардта. Уæдта зар ниффинсуни гъудитæй æхуæдæг куддæр тарстæй. Бонæй-бонмæ мелоди æхсистæй, кæдзос кодта. Фæстагмæ, мæнæ хонхи фахсæй ци кæдзос æртæхтæ фæххауй, уомæй мæскъи дæнттæ куд рауайуй, уотæ изæлун райдæдта нæуæг зар.

Поэт Хачирти Сергейи хæццæ ибæл косун райдæдтонцæ.

*Мæ фосы дзугтæ*
*бæрзæндтыл хизут*
*Æмæ уын зарын, гъей.*
*Мæ уадындзæй уæ*
*сойджын сæрвæтты*
*Буцæй рæвдауын, гъей.*

– Ниццæлхъ кодта Цæгат Иристони паддзахадон ансамбли зарти къуар Гуржибегти Геуæргий фиццаг уадзимис «Фиййауи зар». Уомæй æй райстонцæ хехъæппæресадон къуæрттæ æма рахæлеу æй Иристонбæл. Зар адæми зæрдæмæ фæццудæй æ берæ менеугутæй, фиццагидæр, æ музыкалонддзийнадæй, æ цæстуарзон мелодийæй. Уомæ игъосгæй, адæймаги цæститæбæл бæлвурдæй уадæй колхозон фиййауи сорæт, бæрзонд рауæн, цъæх-цъæхид хезæнтæ æ берæ фонси дзогтæ хезгæй.

Управлений куст æ зæрдæ нæ иста. Геуæргий фæндадтæй, еудадзугдæр исфæлдистадон æнкъарæнтæ кæми зелдох кæнунцæ, цардæгас музыки хæццæ, зарти хæццæ баст кæми адтайдæ, уæхæн рауæн ун. Уомæ гæсгæ, косун райдæдта Цæгат Иристони зартæ æма кæфтити паддзахадон ансамбли. Ами æ гъос æрдардта ансамбли репертуармæ, ци ин нæ фагæ кæнуй, заргути къуари фадуæттæ, равналæнтæ сæмæ цæйбæрцæ ес, уомæ. Гъудæй нæуæг, рæстæги домæнтæмæ гæсгæ адæми фæллойнæ, цард æма цийнæ ка 'вдистайдæ, уæхæн уадзимистæ. Еци тематикæмæ ба цæмæдæр гæсгæ композитортæ се 'ргом фагæ не 'здахтонцæ.

Райдайгæ композитор Геуæрги уæд базонгæ 'й поэт Цæгæрати Гигой хæццæ. Геуæргий фæндадтæй, æ зæрди ци цийнæдзийнади æнкъарæнтæ фæззиндтæй, уони зари иснивæндун. Уобæл адтæй æ дзубанди поэти хæццæ дæр. Композиторæн æ цæститæбæл уадæй æмбохгæ дони зар. Æрмæст уой æнгæстæ гъæуама уа мелоди дæр. Æма бабæй Геуæрги цох нæбал кодта æ роялæй. Райгурдæй, берæ фудæбæнтти фæсте нæуæг зар. Е адтæй «Цийни зар».

*Уадз, зарæг*
*скъæфæд дард*
*Терчы уылæнты хъазт…*

Æма бабæй аци хатт дæр композитори нæуæг музыкалон уадзимис над иссирдта адæми зæрдæмæ.

Еу сæрдигон сæумæ адæм æрæмбурд æнцæ сахаргæрон, Цъæх театр ке худтонцæ, уордæмæ. Агъазиау сценæбæл аййев хъæппæлти цалдæр рæнгъемæй лæудтæнцæ цардбæллец кизгуттæ æма лæхъуæнтæ. Дирижери амундæй уæлдæфи райвулдæнцæ:

*Дидинæг калы нæ бæстæ*
*Рай, зæрдæ, рай æмæ рай.*
*Афтæ йæ чи скодта уагæр*
*Дзыллæты фарнæй домбай?..*

Гуржибегти Геуæрги æ кизгæ, зундгонд поэтессæ Ирини хæццæ берæ зартæ ниффинстонцæ – «Горæт Орджоникидзебæл», «Уарзони зар», «Кизгутти зар», «Балладæ Къостабæл», «Коммунистти марш», «Ирон вальс».

Гуржибегти Геуæрги аййевади æновудæй берæ æнзти ке фæккуста, уомæн аккаг аргъ искодта Хецауадæ. Лæвæрд ин æрцудæй берæ хуæрзеугутæ, уони хæццæ – Уæрæсей Федераций аййевæдти æскъуæлхт архайæги ном æма Фæллойни Сурх турусай орден.

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***ЧЕРЧЕСТИ Хъæсболат***

**Номдзуд уруссаг финсæг Николай Гоголи (1809-1852) номерæн бонбæл нимад цæуй 4 мартъий. Ка 'й зонуй, махмæ, Цæгат Иристони дæр æй æримисдзæнæнцæ – æ уадзимистæй кæцидæртæ тæлмацгонд æрцудæнцæ нæ маддæлон æвзагмæ.**

*Людмила СЕКИНАЕВА-ЛЕВИТСКАЯ (1937-2020), искусствовед: «Все дальше отодвигается от нас время, когда жил и так плодотворно работал Георгий Николаевич Гуржибеков. Но в памяти всех, кто сотрудничал с ним, он остался как талантливый музыкант и руководитель, как человек большой души и высокой культуры. А для тех, кто не знал его, он остался жив своими прекрасными песнями...»*



# Георгий ГУРЖИБЕКОВ: «Пусть же струны мои не порвутся!..»



Георгий ГУРЖИБЕКОВ с семьей.

***Георгий Гуржибеков за свою, к великому сожалению, короткую жизнь – судьбой ему отведено было прожить всего пятьдесят семь лет земной жизни – успел сделать на удивление много замечательного для родного края, для развития нашего национального искусства. Вообще судьба Георгия Гуржибекова – это яркий пример для молодого поколения. Публикуем воспоминания об отце, которые написала к юбилею его дочь – народный поэт Осетии Ирина ГУРЖИБЕКОВА. В начале своего рассказа она отметила:***

***– Песни начал писать в 50, когда вернулся на родину из Азербайджана, стал работать худруком ансамбля, нынешнего «Алана», прикоснулся к народным мелодиям, народным песням... С учетом того, что несколько лет играл на альте сначала в Бакинском, потом во Владикавказском симфоническом оркестре, вполне логично звучит строка, вынесенная в заголовок. Сразу скажу – она из папиных стихов.***



Ирина ГУРЖИБЕКОВА

Да-да, стихов, о существовании которых мы с братом узнали, когда ушла из жизни мама, светлая ей память. В глубине старого сундука лежал дневник, где рукой юного Георгия – Заурбека писано немало стихов и прозаических творений: от новелл до сатиры.

Но самое интересное – полностью вышеуказанное стихотворение, вернее, одна из строф, звучит так:

*Пусть же струны мои не порвутся!*
*Пусть же песни звенят и звенят!*
*В каждом сердце они отзовутся.*
*В каждом сердце они прозвучат.*

Значит, в декабре 1935 года он как бы предугадал, что будет композитором-песенником. И тогда всплывает другая загадка: почему же к своим мелодиям он не писал тексты? Почему никогда не говорил об этой юношеской своей страсти, не показывал эту толстую тетрадь? К сожалению, никто уже не ответит. Но, предлагая мне творческое сотрудничество, он бесконечно обогатил мою жизнь, привнеся в нее аромат сотворчества, сотворения одного из самых дивных чудес – чуда Песни.

Короткое пребывание папы на этой Земле вместило в себя и предательство его отца, оставившего троих мальчишек и их мать ради безумной любви к ее младшей сестре Наде Бугуловой, и военные годы, когда совсем еще юный Жора Гуржибеков воевал в артиллерийских войсках, и консерваторские будни, и симфонические праздники, и встречу с моей мамой – Сусанной, главнейшим человеком в его жизни, и, конечно же, ансамбль, без которого он не мыслил себя в последние двадцать лет.

Вот он – директор госфилармонии... Худрук какого-то слабенького заезжего коллектива, которому он отказал в филармонической сцене, стрелой пробегает мимо техсекретаря, бросив на ходу: «Надо же, сумасшедший какой-то: взятку не берет!» Вот он ночует с танцорами в вагоне на железнодорожных путях в Москве, хотя ему одному, как руководителю, предложили гостиницу. Вот готовит ансамбль к первой зарубежной поездке – в Германию. А вот накрывает стол к моему 10-летию, сплошь из блюд собственного приготовления...

*Нет, я не плакал, никогда не плакал.*
*И утешений в горе не просил.*
*Всегда один, в сыром, холодном мраке,*
*Я все же жизнь неистово любил.*

1929 г.

Вот встречает маму после концерта (она играла на флейте в оркестре), нежно проводя рукой по ее густым черным волосам...

*Всегда тот день я проклинаю,*
*Когда в себе не чувствую любви.*

Вот вспоминает с трогательной улыбкой свое черноярско-моздокское детство... Эти строки родились, когда ему было 15 лет:

*Катит Терек волны мутные*
*На пологих берегах.*
*Пораскинулись уютные*
*Домики в садах.*

*Все они так чисто белены,*
*Крыши камышовые,*
*И деревья темно-зелены,*
*Расцвели плодовые...*

*Хорошо в жару нырнуть,*
*Плыть в воде прохладной...*
*Накупавшись, отдохнуть*
*В зелени отрадной.*

*А как солнце тихо спрячется*
*Далеко в горах,*
*Так поет баян и плачется*
*В знающих руках...*

В 43-м я, совсем малышка, спала, когда он, запыленный, грязный, заскочил на минутную побывку домой. Всего поросшего щетиной – я его просто испугалась. Это же папа, – сказала мама. И шок мой не проходил долгие-долгие годы: я не могла выговорить слово «папа» без слез, и все мы от этого очень страдали.

...А вот мы стоим на Красной площади, я – студентка МГУ, папа – приехал на гастроли, и с хитрецой спрашивает: «С кем дружишь, признавайся..». И произносит фразу: «Главное – чтобы тебя понимали, чтоб понимал тот, кого полюбишь, это всего важней...» – произносит на несколько лет раньше, чем подобное подтвердил герой фильма «Доживем до понедельника».

Он очень дружил с министром культуры Степаном Битиевым, с Биларом Кабалоевым, ужасно гордился каждым солистом ансамбля, среди которых были такие знаковые личности, как Диляра и Тамара Карсановы, Наталья Тогузова, Зоя Гониева, Лиля Калмыкова, Бексолтан Торчинов – неподражаемый Пигу, Батырбек Сопоев, Ахсарбек Сланов, Хаджисмел Варзиев, Георгий Суджаев и другие, певец Петя Бутаев... Альбину Баеву звал дочкой, даже не уточняя, вторая она или первая. Но я не обижалась. Строгий, даже суровый на работе, дома был веселым, открытым, с удивительным чувством юмора. Если приходили гости, выкладывал на стол все, что было в доме съестного, и задумчиво говорил: «Кажется, еще постное масло осталось...»

Этот обычно сдержанный, но временами довольно вспыльчивый человек очень оберегал свой внутренний мир от фальши, подобострастия и политизированности мира внешнего. И песни, танцы, сюиты типа «Семь братьев гор», «Праздник в колхозе» – они-то и были его настоящей творческой сущностью. И когда врачи сказали: работа у вас для гипертоника слишком напряженная, нервная, уходите, подольше проживете, – он не ушел.

А песни... Казалось, они сами вылетают из-под его рук, чтоб окрепнуть потом в полете. «Песню о родном крае» народ окрестил «Горы родные» (по словам из припева), «Песню о матери» – «Милая мама». А еще были – «К любимой», «То ли Мадинка, то ли Заринка», «Осетинский вальс», «Шахтеры Садона», «Песня о городе Орджоникидзе», «Песня о Тереке» и много-много других. И когда провожали папу в последний путь, я не плакала, я очень сдерживалась, но только до той поры, пока у его гроба в здании филармонии не встали Мария Котолиева и Доля Билаонова – одни из первых исполнительниц его песен. Тут уж ком в горле растаял – и хлынули слезы, уж слишком тесной была наша с ним духовная связь.

Он абсолютно равнодушен был к наградам – по крайней мере, внешне; как должное принял российское звание, а еще через несколько лет Битиев кричал ему по телефону в московской гостинице: «Ты что, не рад? Ты понимаешь, что это такое – орден Красного Знамени?!» Да рад он был, рад. Только никогда не выставлял свои чувства напоказ ни в делах, ни в любви.

Не забывая трудное свое детство, давно простил отца и навещал его в домике, где они жили с женой. А сам он жил, до рождения сына, с тремя, как он говорил, девчонками – это значило мама, бабушка и я. Когда б ни ушел в композиторы, точно стал бы известным альтистом – знатоки говорили, что у него необыкновенной теплоты и глубины звук. Такими же были рожденные им мелодии и стихи.

Он писал маме, уехавшей на лето в село:

*Приходит ночь – цыганка звездоокая,*
*К себе в объятья сон тебя манит.*
*Спокойно спи в стране своей далекой,*
*Пусть горный дух всегда тебя хранит...*

*Пусть песня льется радостно и звонко!*
*Аккорды бодрые, звучите же сильней!*
*Счастливой будь ты, милая девчонка,*
*Ведь впереди у нас так много дней!..*

И последнее. В том же тридцать пятом, в 25 лет, еще не сочинив ни одной музыкальной строчки, он говорил в стихах: «Мои песни не все еще спеты». Вот и сегодня мне продолжает казаться, что не все и не всеми еще спеты его песни.

**Номдзуд финсæг æма ахургонд, Хетæгкати Къостай номбæл премий æма Национ преми «Нарти фæткъу»-й лауреат Джусойти Геуæргий фурт Нафийи райгурдбæл 27 феврали исæнхæст æй сæдæ анзи (1925-2017).**

☺ ☺ ☺

*У всех начальников есть любимое выражение: «Незаменимых людей нет». Но как подходит время отпуска, ты – единственный и незаменимый…*

☺ ☺ ☺

*– Почему наши чиновники учат детей за границей, хранят там деньги, покупают недвижимость, но сами там не живут?*

*– Потому что там нет российского правосудия!*

## ЛÆДÆРГÆ АДÆЙМАГИ ХÆЦЦÆ ÆНЦОН ÆЙ ДЗОРУН ДÆР ÆМА ГЪУДДАГ АРАЗУН ДÆР!



# ДЕССАГБÆЛ ДЕСГÆНÆГ КУ НÆ УА…

«Дессагбæл десгæнæг ку нæ уа, уæд е дессаг дæр нæй...», зæгъгæ, загъд, æвæдзи, бустæги раст нæй. Уомæн æма кæцидæрти дессагдзийнадæ адæм æмхузон нæ фæллæдæрунцæ, фал уомæй сæ дессагдзийнадæ ба нæ нидæндæр кæнуй. Уой фæдбæл мæнæ еуцалдæр дæнци.

**1.** Америки Еугонд Штатти президентти сæ еугурей дæр (45-аг президент дæр сæ хæццæ, уотемæй) еу кæнуй цидæр æмхузондзийнадæ. Е баст æй сæ хæстæгути хæццæ. Бæлвурдæй сæ карни еумæйагæй ци адтæй?

**2.** Зундгонд артист Леонид Ярмольник бæргæ гъæуама архайдтайдæ, фæстæдæр хъæбæр игъустгонд ка иссæй, еци кинониви. Дууæ хатти цæугæ дæр æрбакодта кинонивæ кæми ист цудæй, уордæмæ. Фиццаг хатт ку бацудæй, уæд, ци фæззиндтити гъæуама гъазтайдæ, уой декорацитæ басугъдæнцæ. Дуккаг хатт ба декорацитæ нихæлеу кодта кинонивæ есгути къуари расуг шофер. Уомæ гæсгæ ба космосон ругæ уæйæгæнæги роль бустæгидæр æндæргонд æрцудæй кинонивæй. Уогæ кинонивæ хунгæ ба гъæуама кодтайдæ «Космосон ругæ». Фал æ ном æййивд æрцудæй, æма 'й куд исхудтонцæ?

**3.** Немуцаг сахар Йовер, Гавайи сакъадахтæ, Иониј сакъадахтæ (Греци). Еци фæзуæттæ кæд аллирауæнти 'нцæ, уæддæр сæ еу кæнуй... Ци?

**4.** Дзурд «филумени»-йæн (prillumeny) æ равзурæн æнцæ бердзейнаг дзурд philos (уарзун) æма латинаг дзурд lumen (арт). Æма амонгæ ба ци кæнуй?

**5.** Гладиаторти еристи рæстæг дууæ тохгæнæгемæй еске ку фæммулди уидæ æма ма уодæгас ку уидæ, уæд тæрхон рахæссиуонцæ ерисмæ кæсæг адæм: уонæн сæ фулдæр уæлахезонмæ устур æнгулдзæй ку райамониуонцæ, уæд е амудта, гъома, кæронмæ 'й нихxорх кæнæ. Цæмæй уодæгасæй ниуугъуайонцæ, уой тухxæй ба куд райамониуонцæ?

**6.** Силгоймæгти тухxæй уруссаг романти бундорæвæрæг еугурей разæй ниммухур кодта бæлццони литературон финститæ: Крылови, Жуковскийи, Василий Леви фурт Пушкини æмрæнгъæ. Уруссаг æвзагмæ æрбахаста уæхæн дзурдтæ: «катастрофа», «промышленность», «влюбленность». Фал æ ном ба райгъустæй æндæр гъуддаги, кæцими фиццаг нæ адтæй. Циуавæр гъуддаги?

**7.** Еу францухаг фæллойнæгæнæг династий цардгъондзийнадæ рахаста авд фæлтæри. Сæ тæккæ зундгонддæр мастер – æ ном Шарль Анри Сансон, игъустгонд иссæй, Людовик XVI, Мария Антуанетта, Дантони, Шарлотта Кондей хæццæ ке куста, уомæ гæсгæ. Фал XIX æноси æмбесмæ ба еци хузи лæггæдтæ æнхæстгонд цудæнцæ бадзубандий бундорбæл, сæ агоргути нимæдзæ бустæги искунæг æй. Династий фæстаг байзайæггаг ба гъавта, берæ рæстæгути дæргъи уоййасæбæл зундгонд ци дзаумауи фæрци адтæнцæ, уой рауæйæ кæнун. Уой тухxæй æй æгадæ тард ракодтонцæ. Ци рауæйæ кæнунмæ гъавта Сансон?

**8.** Номдзуд поэт Аннæ Ахматовай хъæбæр игъустгонд æмдзæвгитæй еуей кæрон мæнæ атæ 'й: «Как желтый одуванчик у забора, как лопухи и лебеда». Фал æмдзæвгæ еци рæнгъитæй нæ, фал æндæр, дессаги медесгун рæнгъитæй игъустгонд æй. Циуавæр?

**9.** Мæгурæй ка исхъал æй, уæхæн устур æхсæнадон архайæгæн æ кизгæ æ фидæй сæрæндæр разиндтæй – Мария Григорийи кизгæ сосгъонагæй иссæй уруссаг паддзахсилгоймаг. Ка 'дтæй?

**10.** Финсгутæ Даниэль Дефой, Сомерсет Моэми, Пьер Бомаршей æма Зойæ Воскресенскаяйи еу кодта айдагъ литературон исфæлдистадæ нæ, фал ма æндæр, хъæбæр ахсгиаг гъуддаги архайд дæр. Циуавæр?

Аци фарстатæбæл раст исдзуапп кæнунмæ исарæхстайтæ æви нæ, уой исбæлвурд кæнуни равгæ ба уин уодзæнæй нæ газети иннæ номери – мухур си кæндзинан раст дзуæппитæ.

* * *

Нур ба уæ зонгæ кæнæн, нæ газети 5-аг номери хайадæ «Расагъæс кæнайтæ»-йи мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппити хæццæ..

1. Александр Суворов. 2. Гъуæрттун хæпсæ. 3. Будзæу. 4. Тæфсæг. 5. Тæрхъоси. 6. Сæнкæ. 7. Альпинист.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ БАГЪÆУАЙ КÆНУНИ МАДЗÆЛТТÆ

# ЕРВÆЗУНГÆНÆГ – ЦÆХГУН КЪАБУСКА!..

Цинга, зæгъгæ, ке хонунцæ, еци нез уæддæр коййæй ка нæ зонуй, уæхæн адæймаг, æвæдзи, нæ разиндзæнæй. Аци незæй ка фæссæйгæ уа, еци адæймагæн æ мутултæ барæсуйунцæ, сæ тог кæлун райдайуй, æма уотемæй сæ дæндæгутæ æрхаунцæ. Æ рæстæги æ нихмæ уоййасæбæл мадзæлттæ кæми адтайдæ, фал ин уæддæр æ нихмæ ба цидæр амæлттæ кодтонцæ. Уой фæдбæл хабæрттæй еуей кой уин ракæнуйнаг ан.

Цæветтонгæ, 1768-1771 æнзти номдзуд англисаг денгизон балцитæгæнæг капитан Джеймс Кук æ фиццаг балций разамунд кæмæн лæвардта, еци науæ «Индевор», денгизтæ æма фордти фæццæугæй, зæнхи цъарæбæл æрзилдæй. Куки хæццæ еумæ балций ка ранæхстæр æй, еци цуппаринсæй адæймагемæй фæстæмæ ма æрбаздахтæй айдагъдæр дæс æма дууинсæй адæймаги. Куд рабæрæг æй, уотемæй æ дæлбарæ адæм ахиддæр мардæнцæ, уæди дзаманти тропикон бæстити цæрæг адæмæн устур знаггадæ ка хаста, еци незæй – цингайæй.

Фал Кук æ дуккаг денгизон балций ку адтæй, уæд, разамунд кæмæн лæвардта, еци науæ «Резольюшен»-и ка адтæй, еци адæмæй еунæг дæр нæбал рамардæй цингайæй. Еци незæй сæ багъæуай кæнун ба бантæстæй ... хумæтæг цæхгун къабускæй фæрци. Науи ка рабалци кодта, еци адæми хуæлци номхигъдмæ 'й бахастонцæ, куд æнæмæнгæ ахуадуйнаг хуæруйнаг.

Джеймс Кук æ науи фæндаггон журнали куд финста, уотемæй райдайæни денгизонтæ æнахур хуайраг хуæрунмæ уоййасæбæл нæ арази кодтонцæ, фал цубур рæстæгмæ фарста лухгонд æрцудæй. Кук



науи афицертæн равардта уæхæн бардзурд: «Уæ дæлбартæ уæ куд уинонцæ, уотæ къабуска хуæретæ æма, ци дессаги хуæрзадæ æй, зæгъгæ, дзоретæ!..»

Еци бардзурди хийнæдзийнадæ фæррæстмæ 'й – цæмæдесгæнагæ денгизонти еугурейдæр бафæндадтæй къабускайæй рахуæрун. Æма ма еума дессагдзийнадæ: денгизонти фæсте амунд хуайраг, науи ма ци адæм адтæй, етæ дæр си æгæр берæ дæр ма хуæрун ке райдæдтонцæ, уомæ гæсгæ, къабускай порцитæ фæмминкъийдæр кæнун дæр ма багъудæй.

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ



### РАЗМÆЦУД ФÆРÆЗНИТÆЙ ХУÆЗДÆР ПАЙДА КÆНУНÆН

***Хуæнхон аграрон университети æрæги æрцудæй зингæ цау – ами байгон æй æнæтæхæг авиаций Центр. Центр, еуемæй, исуодзæнæй студенттæн ахуртæ æма практикон фæлварæнти фæзуат, иннемæй ба, Цæгат Иристони агропромышленнон комплекси къæбази аллихузон нисантæ æнхæст кæнуни фæрæзнæ.***

Цæмæй центр æркоса æма æ хъаури бацæуа, уой тухxæй рагацау, 2024 анзи сентябрæй нуриуæнгæ устур цæттæгæнæн куст æнхæстгонд æрцудæй. Фиццагидæр, Хуæнхон аграрон университети байгон кодтонцæ нæуæг дæлхайæдтæ – цæттæ си кæнунцæ æнæтæхæг уæлдæфон аппаратти хæццæ косæг специалистти. Зæгъæн, аграрон колледжи – «Æнæтæхæг авиацион систæмитæй пайда кæнун», инженерон факультути ба бакалавриати программæмæ гæсгæ – «Æнæтæхæг уæлдæфон аппараттæ – агропромышленнон комплекси».

Университети ахургæнгутæ Мæскуй сæ зонундзийнæдтæ фæффулдæр кодтонцæ, нур дæр си къуаремæй сæ квалификаци идарддæр бæрзонддæр кæнунцæ.

Уæрæсей гъæууон хæдзаради Министради агъазæй университет райста æнæтæхæг аппараттæ, цæмæй студенттæ æма косгутæ сæ хæццæ архайунцæ æма сæбæл ахур кæнонцæ. Иннæ гъæугæ ефтонггæрзтæ ба ахурадон уагæдонæ æхуæдæг балхæдта.

– Абони гъæууон хæдзаради райрæзт æнгом баст æй раззагдæр технологити хæццæ, æнæтæхæг аппаратти хæццæ. Фиццагидæр бал райдайдзинан косун уони хæццæ, идарддæр ба архайдзинан робототехники хæццæ дæр. Æма ахсгиаг гъуддаг æй, центри ци зонундзийнæдтæ æма фæлтæрддзийнадæ райсонцæ студенттæ, уонæй сæ бон пайда кæнун ке уодзæнæй айдагъ агропромышленнон комплекси нæ, фал экономики иннæ къабæзти дæр. Мах программитæбæл ахурадæ æй, аразгæ интеллектæй кæми пайда кæнунцæ, еци дæсниæдти бундор дæр. Æнæтæхæг авиацион центри студенттæ аппараттæй пайда кæнуни хæццæ ма базонгæ кæнæнцæ, уони цалцæг кæнун, проекттæ æма программитæ син аразун – загъуй Хуæнхон аграрон университети ректор **Гогати Олег**.

Центри ес сæрмагонд рауæн тæхунæн, цалцæггæнæн æрмадзæ, уæдта стимулятортæбæл ахур кæнунæн еугур гъæугæ техникæ. Разамунд ин дæттуй æригон, фал фæлтæрдгин специалист **Бичегкути Дианæ**.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 425**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.02.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.02.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**